Mwari Anoporesa Hezekiya

Mirayiridzo: Ita basa iri uri panzvimbo isina zvinokukanganisa. Paunoverenga magwaro, fungidzira uripowo pazvaiitika. Ona zvaiitika mupfungwa dzako. Inzwa manzwi acho. Iva nemanzwiro evanhu vanonyanya kutaurwa. Ngazviite sokuti zviri kutoitika.
Vanonyanya kutaurwa: Hezekiya, Isaya
Nyaya yacho muchidimbu: Hezekiya anorwara, anonyengetera kuna Mwari uye anoporeswa.

1 FUNGA NEZVENYAYA YACHO.—VERENGA ISAYA 38:1-9.

Sokufunga kwako, rondedzera kuteterera kwaiita Hezekiya paainyengetera. (*Verengazve vhesi 3.*)

Unofunga kuti Isaya aitaura neinzwi rakaita sei paaiudza Hezekiya mhinduro yaJehovha inowanikwa pana Isaya 38:5-8?

Hezekiya paakaudzwa naIsaya kuti aizopora oramba achirarama, unofunga kuti akanzwa sei?

2 DZAMISA PFUNGWA.

Kunze kwourwere hwake, chii chimwe chingava chakaita kuti Hezekiya anetseke nezvacho? (Zvingangokubatsira: Verenga Isaya 36:1; 38:6.)

Chii chingava chakaita kuti Jehovha ateerere munyengetero waHezekiya? (Verenga 2 Makoronike 31:20, 21; Isaya 38:3.)

Nei zvingangova zvakaomera Isaya kudzokera kuna Hezekiya achinomuudza mashoko akasiyana neaakanga amboprofita?

Unozviziva sei kuti kudzokera kumashure kwakaita mumvuri chinhu chaicho chakatoitika? (Verenga 2 Makoronike 32:24, 31.)

www.jw.org © 2013 Watch Tower Bible and Tract Society of Pennsylvania

3 ITA ZVAWADZIDZA.

Nyora zvawadzidza nezve . . .

Kuda kunoita Jehovha kuteerera minyengetero yedu.

_____

_____

Kuti ungava sei nezita rakanaka naMwari.

_____

_____

4 ZVIBVUNZE KUTI:

Ndepapi pandinofanira kuyeuka kunyengetera kuna Jehovha zvakanyanya?

_____

_____

Zvii zvandingaita kuti ndinatsiridze minyengetero yangu uye inyatsobva pasi pemwoyo?

_____

_____

Chidzidzo chipi chinokosha chandawana kubva munyaya iyi, uye nei chichikosha?

_____

_____

Zvaungaita: Ita sokunge kuti uri mutori wenhau. Mupfungwa dzako ita sokunge kuti uri kuona vanhu vanobatanidzwa munyaya iyi uyewo vamwe vari kuonawo zvichiitika. Bvunza vanhu ava mibvunzo yakasiyana-siyana.

JW.ORG™
Kopa nyaya iyi pawww.jw.org

www.jw.org © 2013 Watch Tower Bible and Tract Society of Pennsylvania